

Afektasyon Kosyon an Kach

Yon garan ka afekte yon ranbousman Kosyon an Kach ba yon avoka oswa ba yon lòt moun (sesyonè a). Lè moun ki sede a afekte oswa transfere Kosyon an Kach la ba yon lòt moun, li renonse tout dwa li pou resevwa ranbousman Kosyon an Kach la. Sesyonè a ap vin nouvo garan dosye a epi l ap resevwa ranbousman Kosyon an Kach la. Pou afekte Kosyon an Kach ba yon lòt moun, tanpri soumèt dokiman ki endike anba la yo ba Inite Byen Divizyon Trezò Vil New York (Assets Unit of the NYC Treasury Division):

- Yon lèt notarye pou mande afektasyon Kosyon an Kach, oswa yon fòm Aplikasyon Afektasyon Kosyon an Kach ki ranpli ak notarye; epi
- Yon kopi ID valab gouvènman ki gen foto ou, tankou yon lisans chofè, paspò, kat avantaj, oswa ID Minisipal Vil New York.

Tanpri voye dokiman sa yo pa lapòs nan adrès ki deyè tiliv sa a.

Chanjman nan Adrès Postal

N ap voye tout ranbousman Kosyon an Kach yo nan adrès garan ki nan dosye sou resi orijinal Kosyon an Kach la. Pou chanje adrès garan an nan dosye a, garan an oswa sesyonè a ka prezante yon lèt notarye oswa yon Avi pou Chanjman Adrès pou Ranbousman Kosyon an Kach la nenpòt lè ba Divizyon Byen Tribinal Trezò Vil New York (Court Assets of the NYC Treasury Division).

Tout demann yo dwe gen siyati garan an, epitou yo dwe notarye. Ou dwe bay yon kopi ID valab gouvènman bay, tankou yon lisans chofè, paspò, kat avantaj, oswa ID minisipal ansanm avèk tout demann yo.

Kontakte Inite Kosyon an Kach

Ale sou

Sitwèb nyc.gov/contactcashbail

Telefòn

212-908-7619
ant 9 a.m. ak 4 p.m.
Lendi - Vandredi

Fas-a-Fas

Manhattan Business Center
66 John Street, 2nd Floor
New York, NY 10038
Lendi - Vandredi
ant 9 a.m. ak 4:30 p.m.

Kourye pa Lapòs

NYC Department of Finance
Treasury Division, Court Assets Unit
66 John Street, 12th Floor
New York, NY 10038

Ale sou sitwèb nyc.gov/finance pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwosesis Ranbousman Kosyon an Kach oswa pou telechaje fòm yo.

Sa Pou Konnen Sou Pwosesis Ranbousman Kosyon an Kach



NYC
Department of Finance

Depatman Finans Vil New York (NYC Department of Finance) Kenbe Lajan Kosyon an Kach yo

1. Lè ou peye lajan pou lage yon akize nan Tribinal Kriminèl oswa nan yon Sant Detansyon, ou depoze Kosyon an Kach.
2. Moun ki peye Kosyon an Kach la se *garan* an.
3. Lè garan an depoze Kosyon an Kach la, nou ba li yon resi kòm prèv peman. Dokiman sa a enpòtan anpil epi ou ta dwe kenbe li yon kote ki pwoteje. Li ka obligatwa si gen nenpòt pwoblèm nan ranbousman lajan an.
4. Depatman Finans Vil New York kenbe lajan Kosyon an Kach la jouk lè yo resevwa yon lòd ranbousman nan tribinal la. Tribinal la bay lòd pou ranbousman sèlman apre dosye a fini epi lè sa a yo kapab ranbouse Kosyon an Kach la avèk yon lòd tribinal la.



Fason Nou Ranbouse Kosyon

1. Anjeneral, tribinal la ap bay yon lòd tribinal pou Depatman Finans ranbouse Kosyon an Kach la sis (6) semèn apre pwosè a fèmen.
2. Apre Depatman Finans resevwa lòd ranbousman an nan tribinal la, y ap voye yon chèk nan de (2) semèn nan adrès garan ki nan dosye a.
3. Si tribinal la pwononse yon kondanasyon, y ap retire yon frè Vil la ki se twa pousan (3%) nan ranbousman Kosyon an Kach la, dapre seksyon 99-M Lwa Jeneral Minisipal (General Municipal Law).

Rechèch sou Ranbousman Kosyon an Kach

Li enpòtan pou sonje Inite Byen Tribinal la Divizyon Trezò kapab diskite sou afè ki gen pou wè ak Kosyon an Kach avèk garan an sèlman. Ou kapab kontakte Inite Byen Tribinal la nan nimewo 212-908-7619 oswa ale sou sitwèb nou nan nyc.gov/contactcashbail. Tanpri mete nimewo rejis oswa Resi Trezò (Treasury Receipt, TR) ou disponib pou nou ka ede ou pi byen.

Lè W ap Vizite Sant Biznis Nou

Si yon garan ap ale nan Sant Biznis Manhattan (Manhattan Business Center), lè sa a li dwe montre yon bon jan ID gouvènman bay ki gen foto li, tankou yon lisans chofè, paspò, kat avantaj, oswa yon ID Minisipal Vil New York pou verifeye idantite li.

Sant Biznis Manhattan nou, ki nan 66 John Street, 2yèm Etaj, louvri depi lendi jiska vandredi, ant 9 a.m. ak 4:30 p.m.

Nou bay sèvis tradiksyon nan plis pase 16 lang.

Kosyon an Kach nou Sezi

Anjeneral, tribinal la bay yon lòd pou sezi Kosyon an Kach la, anjeneral lè ou pa prezante nan tribinal nan dat ou dwe fè sa, epi answit garan an pa gen dwa pou resevwa yon ranbousman Kosyon an Kach. Depatman Finans pa gen anyen pou wè avèk desizyon sa a tribinal la pran, epitou garan an ka kontakte tribinal la pou konnen pou kisa yo te sezi Kosyon an Kach la.